# Аварский

1 Бищунго цебе букIана РагIи. РагIи Аллагьасда аскIоб букIана. РагIи букIана Аллагьлъунги. 2 Бищунго цебе гьеб Аллагьасда аскIоб букIана. 3 Гьеб РагIудалъун бижана кинабго. Бижарабщиналъул щибниги бижичIо гьеб гьечIого. 4 Гьелъулъ букIана чIаголъи. Гьеб чIаголъи букIана гIадамазе Нурлъун. 5 Гьеб Нур бецIлъуда кунчIун буго, бецIлъиялда гьеб Нур киданиги къезабизе кIвечIо.
6 Гьале Аллагьас витIун вачIана ЯхIя абулев чи. 7 Гьев вачIун вукIана халкъалда цебе гьеб Нуралъе нугIлъи гьабизе, гьесухъги гIенеккун, киналго гьелда божизелъун. 8 ЯхIя живго Нур вукIинчIо, гьев вачIун вукIана гьеб Нуралъе нугIлъи гьабизе. 9 Гьеб ккола дуниялалде бачIараб хIакъаб Нур. Гьелъ гвангъизавун вуго щивав чи. 10 Гьеб Нур бачIун букIана гьелдалъун жиб бижараб дуниялалде, амма гIаламалда гьеб лъачIо. 11 Жиндирго халкъалъухъе вачIун вукIана Нурлъун вугев чи, жиндирго халкъалъ гьев къабул гьавичIо. 12 Амма жив къабул гьавуразе ва жинда божаразе гьес рес кьуна Аллагьасул лъималлъун рукIине. 13 Лъилниги биялдасан, лъилниги черхалдасан яги бихьинчиясул гьаваялдасан лъугьарал лъималлъун рукIине гуро рес кьураб, Аллагьасул лъималлъун рукIинейин.
14 РагIи инсанлъун лъугьана, баркаталъул ва хIакъабщиналъул цIурав инсанлъун лъугьун, нижеда цадахъ чIана. Нижеда бихьана гьесул кIодолъи – Инсул цохIо вугев Васасул кIодолъи.
15 Гьесул хIакъалъулъин ЯхIяца бицунеб букIараб. ЯхIяца ахIулеб букIана: «Дида хадув вачIунев дидаса гIемерго тIадегIанав кколилан дица бицунеб букIарав чи вуго гьев. Дидасаги цеве вукIиндалин гьев тIадегIанав вугев!» 16 Гьесул баркаталъул гьарзалъиялъин баркаталда хадубги баркат щвараб нижее. 17 Къанун Мусахъ битIун бачIана Аллагьас, баркатги хIакъабщинабги МасихI ГIисадасан загьирлъана